Соколёнок

# Лачен

6/2021
ноябрь – декабрь

0+

ДАГЪИСТАНАЛЪУЛ ХIУКУМАТАЛЪ КIИ-КIИ МОЦIИДАСАН ЛЪИМАЛАЗЕ БАХЪУЛЕБ ЖУРНАЛ



# Школаздаса хабар









Каспийск шагьаралъул лъайкьеялъул центр 15 школалда тӀобитӀана Дагъистаналъул халкъазул мацӀазулги Россиялъул «ХъахӀал къункърабазулги» цадахъаб байрам. ЦӀияб школалъул библитотекаялъул гвангъараб ва берцинаб залалда батӀи-батӀиял мацӀазда къватӀибе биччалеб «Лачен» журналалъул редакторзаби-хъвадарухъабазда гӀемерал цӀалдохъабаз дандчӀвай гьабуна рекӀехъе кучӀдул цӀалиялдалъун. Хъвадарухъабазги цӀалана гьезие кучӀдул. Бицана журнал хӀадурулеб къагӀидаялъул, гьелъулгун гьудуллъи ккунагӀан жиде-жидер рахьдал мацӀ бечелъизе гьезие кумек букӀиналъулги. Рехсана жидерго мацӀги, миллаталъул тарихги, гӀадаталги лъангутӀиялъ чи рухӀияб рахъалъ мискинавлъун хутӀизе букӀиналъул хӀакъалъулъги.

Школалъул гӀолохъанав директор Ш.Г. ГӀалиевас бицана лъикӀа-лъикӀал хъулухъалги тун, живго школалде тӀадвуссиналъул ва жиндирго ишалде бугеб рокьиялъул. Данделъиялъул ахиралда гьайбатаб, цӀализе киналго шартӀалги ругеб школалда экскурсияги гьабуна, гьениб бугеб 500 гӀодочӀел бугеб актовияб залги бихьизабуна.

ДандчӀвай ана цоцаздехун адабалъулаб ва рокьи-хинлъиялъулаб асаргун, рагӀи кьуна нижер журналал цереялдаса гӀемерго цӀикӀкӀун хъвазеги, гьединал дандчӀваялги бухьенги хадубккунги гьоркьоб къотӀизе тун гутӀизе.



Марина АхIмадова

# Кофе жиряб гвангвои

Щибаб рогьалилъ бахъун,
Дихъе гвангва бачIуна,
Кофе гьекъезе бокьун
КвачIалъ нуцIа кIутIула.
«Макьико, хехго яхъун,
Чайданги бухIизе лъе,
Кофеялде рахьги тIун,
Гъорлъе чакарги рехе.
КъалъизегIан гIоледухъ
ГIемераб тIе дие гьеб
Баркала. Хъат цIоледухъ
ЦIулакьо дуе кьелеб!
Цадахъ тIахьал цIалилел!
Рохьил сурат бахъизе
Дунгоги гIодоб чIела,
Мунгун квана-гьекъезе
Кофедал тIагIам цIцIула».
...Радал цудун яхъуна,
Кофе хIадур гьабула
ГIицIго хIинкъун йикIуна
ЦIадаца бакъ бахчилин
Гвангваги бачIинарин.



# Къадекваний щиб бугеб?

Тепси цIун, цIурачадал
Радалквание гIечIев
АхIмадица гьикъула:
– Къадекваний щиб бугеб?

– Щугоги щурун цIураб
Куракулъимги гьекъон,
Гьес нахъеги гьикъула:
– Къадекваний щиб бугеб?

Хъабхъил чурпа кванана,
Котлеталги гьес кIкIуна,
Гьебги гIечIо, гьикъула:
– Къадекваний щиб бугеб?

Бананалги гениги
Гургин гьабун, хIарула,
Гьелъ гIорцIичIо, гьикъула:
– Къадекваний щиб бугеб?

ХIавла тIаде хъусула,
Конфеталги цIункIула,
Чехь цIуниги, гьикъула:
– Къаде кваний щиб бугеб?



*Буссинабуна ГIаишат Маличиевалъ.*

# КинабгIо батIайиса букIине буго

ГIакъилги гьесул цIалдохъабиги дунялалда бугеб ахIвал-хIал лъазабизе свера-тиризе къватIире рахъанила. Унелго унел рукIанила гьел. Щванила цо кIудияб кIалгIаялде цере. Гьез кавуялда кIутIидал къватIиве вакканила цIакъго чIухIа-кIутIун ретIа-къарав рукъалъул хважаин. Гьесда гIакъилас гьаранила, нухда цIакъ сваканги ругин, дур гьаниб сордо базе бакI букIинародай нижеебн. Хважаинас, гьесие щибго жавабги кьечIого, гьалбал рачанила цIорораб, я гъоркь тIамизе, я тIад базе жо гьечIеб, гьор гIадаб бакIалде. Гьезде нуцIаги къан къватIиве анила гьев.

ЛъикIги квешги гьениб сордоги бан, къватIире рахъинелде, гIакъилас цIалдохъабазда абунила, бугес бугеб гIарац данде рехейин гьадав чиясе кьезе...

Гьедин, унаго толаго, нахъисеб къоялъ маркIачIул гIужалда гьел щванила цо басриябго минаялда аскIоре. Дандеги вачIун, мискинав хважаинас гьалбал цIакъ лъикI къабул гьарунила. Жиндир бугелдасан лъикIабщинаб кваназе кьунила, хинаб рокъоб, басриябго бугониги, гъоркь тIамизе, тIад базе жоги кьун, гьел парахат гьарунила.

Хадусеб къоялъ радал гIакъилас жиндирго цIалдохъабазда абунила гьаб мина бухIейин. КигIанго бокьичIониги, гьесул тIалаб нахъчIвазе ихтияр букIинчIила цIалдохъабазе...

Гьедин нухда унаго, мугIалимас кIиябго къоялъ радал гьарурал хIикматал жалазул пикрабазда рукIун, цIалдохъаби цоцаздацин кIалъачIила. Цо заманалдаса, яхIго гьабизе кIвечIого, цо цIалдохъанас гьесда гьикъанила:



– ХӀурматияв мугӀалим, гьаб кӀиябго къоялъ дуца гьарурал жалаз ниж цӀакъ гӀажаиблъизаруна. ХӀайваназул бакӀалда нилъ рикӀкӀарав дов бечедав чиясе дуца кодоб букӀарабщинаб гӀарац кьезабуна нижеда. Гьадаб хӀалалъ адаб-хӀурматалда нилъ къабул гьарурав мискинчиясул рукъ бухӀизе тӀамуна ниж. Щиб балъголъи гьелъулъ бугеб?

– Дов бечедав чияс нилъеца кьураб гӀарац хӀалтӀизабизе буго цӀакъ хӀалихьатаб ишалъе, – ян абунила гӀакъилас. – Гьелъул хӀасилалда, рукӀкӀен гӀанасеб жоги хутӀичӀого, кинабго буголъиялдасаги ватӀалъун гьев бищунго пакъирав гьардухъанлъун лъугьине буго. Гьадав мискинчиясдайин абуни, бухӀараб рукъалъул хутӀелалъулъ пайда босизесеб жо бугищали хъирщадулаго, ракьулъ батизе буго, гьесда букӀинцин лъалареб гӀемераб месед-гӀарац. Гьев мисикинчи вахине вуго, дов бечедав чияс анищ гьабунцин бажарилареб гӀанасеб ресалде. Хадуб гьес цӀакъ гӀемерал мискинзабазе кумекги гьабизе буго.

Гьоркьоб гӀемер заманго иналде гӀакъилас абураб хӀакълъанила. Гьесул цӀалдохъабаздаги бихьанила гьеб хӀакъикъат.

# Дунялни хиса-сверулеб жо буго...



РекӀа-ворчун унев цо базарганасда хурив хӀалтӀулев ватанила мискинав векьарухъан. Базарганас гьесие жиндихъго букӀараб квен-тӀехги гӀахьал гьабунила, тӀадежоялъеги, гьесда ракӀгурхӀун, дагьа-макъаб гӀарацги кьунила.

– Баркала дуе, лъикӀав чи, – ян абунила векьарухъанас. – Дунял хиса-сверулеб жо буго, кида-къадги дур гӀаданлъи бецӀизе кӀвелеб батила дидаги.

БецӀизелъун гурин, садакъаде гьабураб жо бугин жиндир гьебин абунила базарганас. Сундалъунин гьасги дие гьаб гӀаданлъи бецӀилебин ракӀалдеги кканила гьесда.

Анила гьоркьоб заман.

Ханас жиндихъего ахӀун рукӀанила улка-ракьалда ругелщинал къадруял гӀадамал. Гьезда гьоркьов гьадав базарганги вукӀанила. Гьев гӀажаиблъун хутӀанила, ханасда хьолбохъ гӀодов чӀун гьесул вазирлъун дов мискинчи ватараб мехалъ. Вазирасдаги бер кӀутӀарабго лъанила доб жив захӀматаб хӀалалда вугеб мехалда гӀаданлъи гьабурав базарган. Гьес батӀаго вачун

базарганасе лъикІаб гьоболлъиги гьабунила, нухбитІиялъеян месед-гІарацги кьунила. Ва къолъикІ гьабулаго:

– Дунял хиса-сверулеб жо буго, – иланги абунила.

Анила дагьабги заман.

Цо къоялъ базарганасухъе чапар вачІанила ханас ахІулев вугилан. Ханасул жинде хІажалъи щибдай бугоян, лъикІалъедай, квешалъедаян васвасдилаго анила гьев чапарасда цадахъ.

Вугилаха ханасул тахбакІида гІодов чІун, аскІор цересел гІадамалгун, дов кидаялиго гьасда хур бекьулев ватарав мискинчи.

Базарганасул хІурматалда лъикІаб гІодорчІей, квана-гьекъейги гьабунила гьес, гьесие сайигъаталъе гІемераб гІарац-меседги кьунила. Ва, гьаб нухалъги, къолъикІ гьабулаго абунила:

– Дунял хиса-сверулеб жо буго, – илан.

Анила гьоркьоб лъикІаланго заман.

Базарганасда ракІалде кканила, гьадаб хІалалъ жиндир адаб-хІурмат гьабурав ханасухъе щвезе ун лъикІилан. Росанила гьесие лъикІалан сайигъаталги, вахъанила нухда...

Ханасул кІалгІаялде щведал бицанила, дов ханги хванин, гьесул бакІалда батІиявги вугин.

Анила базарган хабалалъе, щванила ханасул хабаде. Гьесул заниялда хъван ругоанила гьадалго «Дунял хиса-сверулеб жо буго» абурал рагІаби.

«Дунялни хиса-сверулеб жо буго», – илан хІисаб гьабунила базарганас: «Амма гьаб хисуларо».

## Дун гІолохъанчи гурелъулха

ВукІанила цо гІакъилги гьес гІелму-лъай малъулев чанго цІалдохъанги. ГІакъилас, цІакъго бичІчІи бугев, пикру хІалтІулев чияс гурони рекІелъе босулареб куцалъ, тІадбалагьун гІадатиябин кколеб жоялъулги магІна гъваридаб букІунеблъиялде кантІизаризе хІаракат бахъулаанила жиндирго цІалдохъаби.

ВукІанила гьезда гьоркьов, щиб мугІалимас бицаниги, гьеб гьедин гурин, гьадин букІине кколилан, жиндиргояб ккун чІолев цІалдохъанги.

Ахирги чІалгІанила гІакъиласда, щибаб жоялда, жинца бицанщиналда балеб гьесул дагІбаги, кигІан битІараб нухде вачинеян лъугьаниги, гьесул нагІадала ккун чІейги. Гьес абунила:

– Щибха, гьудул, гьабилеб, дуда гІадин дуниял бихьизеги, гІумру бичІчІизеги, гІадамал лъазеги, киналъего дур гІадаб хІалбихьи букІинеги дун гІолохъанчи гурелъулха, – илан.

## ХІалтІи тІагІун гуребха

Хванила цо мискинчи. Гьесие хоб бухъизеги, хабалалъе гьев восизеги гьевго гІадав лъабго мискинчи гурони ватичІила. Хварасул малиги босун унел гьезда жиндирго ахикь хІалтІулев ватанила цо чи. Гьез гьев чиясда гьаранила хабалалъе мали босизе жидее кумек гьабеян.

– Дир цІакъ гІемераб хІалтІи буго, заман гьечІо, – ян абунила ахихъанас.

– Гьав чиги гьабизе хІалтІи тІагІун вукІун гуревха дове унев вугев, – илан мали босун унезги абунила.

# Дица гIазу буххуларо

ВукIанила кIиго мадугьал.

Щванила гьезухъе гьаб сональги хасел. Цо къоялъ радалалде батанила бан гIазу. Вахъанила къватIиве цояв мадугьал рахханги босун, жиндиего гIазудаса нух-бакI бацIцIад гьабезеян. Гьедин гIазу буххулаго, балагьанила мадугьаласул мухъалде, бугила гьесухъе унеб нухда гIазу бокъинабун.

Хадусеб къоялъги радалиде бан батанила гIазу. Вахъанила гьев раххангун къватIиве. Мадугьаласухъе унеб нух гьадабго къагIидаялъ бокъинабун бугила.

Бугилаха лъабабилеб къоялъ дагьабги кIудияб гIазу бан. Гьанжеги радал цудунго вахъун жиндиего нух-бакI гIазудаса бацIцIад гьабулев вукIарав гьев чи, балагьанила мадугьаласул рахъалде. Гьесухъе унеб нухдаса гIазу тIубанго бацIцIун бугила...

Хадусеб къо роцIараб бачIанила.

КъватIиве вахъарав гьев чиясда мадугьал дандчIванила.

– Дица лъабабго къоялъ радал цудунго вахъун диего нух-бакI бацIцIад гьабизе гIазу буххана, – ян абунила гьес мадугьаласда. – Лъабабгоги къоялъ духъе унеб нухда гIазу гьечIоан. КигIан хехгогIаги мун гьеб буххизе вахъунев?

– Дица гIазу киданиги буххуларо, – илан жаваб кьунила мадугьалас. – Дихъе рачIунелъул гьудулзабаз бокъинабун гьеб нухда хутIуларо.



90 сон

Тажудин Таймасханов

# МАГIАРУЛ ЧИ – ЧАРМИЛ СИ

Тарихияб къиса



БАЙБИХЬИ
МагIарулаз гIумруялъ
ГIумруги кьун цIунараб
ЦIакъ берцинаб цо росу
Расалъуда букIараб.

Бакъуе гьумер кьураб,
Кьурабаз кодоб ккураб,
МугIрул цIумаз сиязда
Свери даим бахъулеб.

Магъилъ ясазул сарин,
Сверухъ хIанчIазул чIи-чIи –
ЧIаголъи гьаниб буго,
ЧIуркaнлъи гьаниб буго.

БацIцIадаб гьаваялда
Гьуинаб хабаралда
Хараби гIодор чIолел
ГанчIалги гьанир руго.

Гьезда рикIкIадал сонал
РакIалде щолел руго,
ШигIрабазулъ ахIичIеб
БахIарчилъи чан бугеб?

Росда цебе чарамул
Чу гIадин бахъун чIараб,
БитIахъе зодиб араб
Залимаб кьуру буго.

Абула гьеб хабада
ЧIвараб зани бугилан,
Херав МуртазагIали
Гьенив вукъун вугилан.

Риидал гьеб боркьула,
Кьиндал гIунун букIуна,
ЦIадаца гьеб чурула,
Чини гIадин цIвакула.

ЦIумал гьелда рещтIуна,
Гьелдасан роржун уна.
Гьедин кьуруялъ гIасру
ГIумруялъул чан бараб?

Чан бараб?
Гьеб лъаларо.
Лъала халкъалда гьоркьоб
ХутIараб кьалул къиса.

Нилъер ракьалъул тушман,
Нилъер рокьуе тушман,
Киса щив вукIаниги
КIваричIо гьев нилъее.

Чанги вачIун вукIана,
Чурхъун нахъе витIана,
Чан тушманасул рукьби
Гьаб ракьалда турарал?

## ШАГЬАСУЛ ЧОДРОНИБ

Надиршагьасул чадир
Чиллайдул бугебила,
Чалухал ясаца гьев
Сверун ккун вугевила.

Радал тIаде вахъиндал
Михъ гьес кьурулебила,
Кьалуе вижарав чи
Жив вугин абулила.

Жакъаги гьев тахида
Пахруго гIодов чIана,
– ГIакъилзаби ахIе! – ян
Амру гьабун, кIалъана.

РачIана, гIодор чIана
ГIакълучагIи чордронир,
Чиллайдул халгIаталда
Хурхана цин баизе.

Чагъиралъуб лълъар буго
ТIад сверизе гьабулеб,
ТIадагьлъана гIакълуги,
Мукъсанлъана пикруги:

*Шагь*
Бице, бащдаб дуниялго
Дица кверде босанищ?
Гьеб ракьалда гIадамал
Дица мутIигI гьарунищ?

*ТIоцевесев вазир*
Дур бетIерчIахъаяв шагь,
ЧIаго даим таяв шагь,
Щай дуца дурго гьунар
ГьитIин гьабун бицунеб?

*КIиабилев вазир*
Дур тIатIазукь тIамураб
ТIанса гурищ гьаб дунял,
ТIолабго гIаламалъе
ГIумру гурищ дур амру?

*Лъабабилев вазир*
Дуца гьаракь гьабуни,
Кьураби гьаргьадула,
Дуца рагIи абуни,
ГIоралги нахъруссуна.

*Шагь*
ГIакъилал гIакълучагIи,
ГIумру нужее кьеял,
Гьаб чIухIараб Дагъистан
Дица мукIур гьабунищ?

*Ункъабилев вазир*
Дур бетIерчIахъаяв шагь,
ЧIаго даим таяв шагь,
Дур чодул хIатIикь бугеб
ХIарщ гуребищ Дагъистан?

**...Бищун гІакъилав вазир,**
**ГІодов чІун вуго Назир,**
**Харбида гьоркьоб гьесул**
**ГьечІо рагІи речІчІулеб.**

**Гьесул сихІкъотІи бихьун,**
**Сабру лъугІарав Надир**
**Назирихъ гъалбацІ гІадин**
**Гъоркьан валагьун вуго.**

***Шагь***
**Щаяли жакъа Назир**
**Рази гьечІого вуго,**
**Яги гьаб нилъер калам**
**Кеп кьоларебдай бугеб?**

***Назир***
**Дур бетІерчІахъаяв шагь,**
**ЧІалгІаде дун кІалъан щай,**
**БитІараб бицун гурищ**
**Цояб бер дир камураб?**

***Шагь***
**Жакъаги рагІул хвалчен**
**Чархида ккун бихьула,**
**Бахъанищ гьеб къватІибе,**
**КъотІе калам, квар гІадин!**

***Назир***
**Щай рекІее гІадада**
**Бигьалъи балагьилеб?**
**Гьаб ракьалда гІадамал**
**Дуе мутІигІлъун гьечІо.**

**Херав МуртазагІали**
**ХвечІого чІаго вуго,**
**ЧІухІи, ияхІ ирсалъе**
**Васасе гьес кьун буго.**

**РечІчІун бачІараб гулла**
**КІалдиб щун вас лъалхъидал,**
**«ЧІамун, къватІибе туй!» — ян**
**Рагъда дос абун буго.**



Берал ццидал цIун руго,
Кверал гучалъ цIун руго,
РекIеца къисасалде
Къойил ахIулел руго.

Кире балагьаниги
Багьадурил цIар буго,
Балагьалъе нилъее
Ахирги гьев ватила.

*Шагь*
Дида гьев Багьадурил
Багьадурлъи рагIана,
Гьев дир асир гурилан
Асар щай дулъ бижараб?

*Назир*
Гьесул барти бугила
МугIрулги тун боржунеб,
Хвалченги бугебила
Чиги чуги къотIулеб.

Гьеб дудаса бахчизе
Бихьинчилъи гIунани,
ГIаламалъе бетIерлъи
Гьабизе щай кIвелареб?

Ярагъ духъе кьейилан,
Чуял духъе кьейилан,
Кьвararб буйрухъ гурищ
Гьал мугIрузде букIараб?

*Багьадур*
Къаси кватIараб гIужалъ
Кавуялда кIутIана,
Киса-щиван гьикъидал
«Гьалбал» жанир кIанцIана.

Шагьасул чапарзабаз
Чуял чIезе гьаруна,
ЧIухь тIамизе бугилан
ТIасанккун гаргадана.

Лебалав вас Багьадур
Бартиялде вахана,
Нусил бетIер Гъиличил
Чу квачIиде бахъана.

Багьадурил хвалчаца
КъотIараб гьесул бетIер
Бартабазул хIатIикье
ХIурулъе бортун ана.

Къокъаб калам гIадинаб
Къокъаб кьаби букIана.
Амма чияр халчаца
БахIарчи цIехоларо.

Ругъун щварав Багьадур
Бартуца вачун ана,
Ячаралда кодов гьев
Даималъе къанщана.

Багьадур вукъулаго
МагIирукъ лъун букIинчIо,
Гьев гIадин кьалда хвезе,
Хиял бижана васалъулъ.

Херав инсул бадиса
МагIил горо гиричIо,
Вас гIадада хвечIилан
ЧIухIи бижана рекIелъ.

*«ГIадалав» Наби*
Гьединан сордо ана.
Радал мугIрул сухъмахъахъ
Свакараб хIама буго
ХIалица билълъанхъулеб.

Гьелъул мугъалде рехун
Басрияб таргьа буго.
Гьелда жаниб Гъиличил
Гъалараб бетIер буго.

ХIамида хадув унев
«ГIадалав» Наби вуго.

ГӀадамазул божилъи –
Воржине куркьбал руго.

Наби нухда кьурдула,
Кьурде вахун ахӀдола,
Гьас шагьасе шапакъат
Щвезе буго гьабулеб.

Амма амру гьасие
Буго росдаца кьураб
Кьалда Багьадур хвараб
Хабар балъго гьабеян.

*Набил кечӀ*
«Дица шагьасул боял
Шагьиде росиларо.
Меседил кьилиялда
Кьан банги рекӀинаро.
Боял  гъурун лъугӀила,
Гъарин вуго цинги шагь.
ГӀадан гурев, шагь гурев,
Щай гьеб мехалъ дуниял?
Меседил кьили ина
Кьурун бахъун бергьарас.
Кьалда къурав чиясул
Къадру гьведул букӀина».

*Нахъеги чодрониб*
Надиршагьил чодрониб
Чагъир гьекъолеб буго.
Чагъир лълъарахъе тӀолел
ТӀуртӀулел кверал руго.
Гьел кверал,
Кинал кверал?
Кинаб ракьалъул кверал?
Кинабго кӀочон буго
Нечарал гьал ясазда.
Ясал руго асирал,
Инсул росу киб тараб?
Кинидахъ ахӀараб кечӀ
Киб доб боржунеб бугеб?

...Наби чӀезе гьавуна,
ЧӀвазе дагьалъ хутӀана.



Хулжазда жаниб бетӀер
Батун рихха-хочана.

ГӀадамазда гьоркьосан,
Гьелги рикьизе гьарун,
Рукьаби ккун, вачана
Чадиралде жаниве.

Чадир чиллайдул буго,
Чилъиги гьединабдай?
Чагъир гвангъараб буго,
Гвангъиги гьересидай?

*Рагъухъан*
Дур бетIерчIахъаяв шагь,
ЧIаго даим таяв шагь,
Тушманас бетIер буго
БитIун бачIун Гъиличил.

Лълъар кодоса бортана,
Каранде чвахун ана,
Чиллайдул халгIаталда
Халатаб мухъ лъугьана.

Гьекъарав чи, гьагав чи,
Гьесда цебе накIкI буго.
НакIкIукьан чияр берал
Чирахълъун кунчIун руго.

*Шагь*
Мун щив?

*Наби*
ГIададалав Наби!

*Шагь*
ГIададалавги гьечIони,
ГIумруги рихинчIони,
Дир къавулъе вачIине
Къуват дур гIелароан.

РекIелъ чаранги бугел,
Чорхолъ ияхIги бугел,
ЧагIи дие рокьула,
Кье гьесухъе цIураб лълъар!

*Наби*
Гьекъеялъ гIакъилав чи
ГIадал гьавун вуго мун.
ГIададалав Наби щайзе
ШайтIаналда рекIинев?

*Шагь*
ЦIодорлъиги дулъ буго,
ЦIунана гьелъ дур бетIер.
ЦIукIаясулгун хабар
Халатаб букIунаро.

Гьанже цо суал кьела,
Жаваб битIараб кьуни,
Кьолораб чуги дуе,
Чалухай ясги дуе.

*Наби*
Кьолораб чу лъикI буго,
Чалухай яс квеш гьечIо.
Кинаб суал кьуниги,
Кьолеб нилъеца жаваб.

*Шагь*
Гъиличил бетIералъул
Багьа хирияб гьечIо,
Багьадурил хIалтIийищ?
БатIияб жо кIваричIо.

*Наби*
Багьадур дида лъала,
Дов лъаларев чи гьечIо.
Дуе Гъиличил бетIер
БитIарав чи дов вуго.

...Кьолораб чуги ана,
Чалухай ясги ана,
Чукъби хадур ралагьун,
Хиялазда хутIана.

*Бертин*
МуртазагIали тIохда
ТIимгъилъ гIодов чIун вуго.
ТIамун вачIунев гIадан
«ГIададалав» Наби вуго.

Гьесда гъоркь кьурдулеб чу
Чанги лебалаб буго,
Чол кьолоний яс йиго,
Росу къачIай бертаде!

ХIамаги цебе къотIун,
КъотIараб бетIер босун,
Бокьараб бахъайилан
Вахъун гурищ вукIарав?

БетIер босун вачIарав
ЧIаго киндай ворчIарав?
Нагагь гьаниб бахчараб
Ничаб хIалтIи бугодай?

Ниж, Багьадурги вукъун,
Къварилъиялда ругин,
БетIер битIарав чиги
Досул эмен вугилан,
Абунадай цощинаб?

*Наби*
Ассаламу гIалайкум,
Эмен МуртазагIали!
Дие лъади, дуе нус,
Къабул гьае меседу!

*МуртазагIали*
ВагIалайкуму салам,
Сапар битIанищ, Наби?
Чияр чу, чияр гIадан,
Чилъи кинан дур гIураб?

Росуго сверун лъугьун
«ГIадалав» Наби вуго.
ГIадамал гIажаиблъун
Жаваб кьеян чIун руго.

Бицана гьас чиллайдул
Чадиралъул хIакъалъулъ,
Чиясул къадру гьениб
КъабихIаб букIиналъул.

*Наби*
Дие Гъиличил бетIер
БитIарав чи щивдила?
Багьадурил гьунарищ
Гьебали бицедила.

Багьадур чIаго вуго,
ЧIваравлъи лъалеб гьечIо!
ЧIухIараб досул цIаралъ
ЦIа хIатIакь лъолеб буго.

Дица «у!» — ян абуна,
Элъухъ гьаб чуги кьуна,
Чалухай ясги кьуна,
Чилъиги дир гьеб ккана.

...Берталъе гIелас ахIун
ГIалам буго бачIунеб,
ГIадамаца Набида
Ригьин буго баркулеб.



Росу квана-гьекъолеб
Кутакаб рохел буго.
Рехун ана кьурдизе
БахӀаравгун бахӀарай.

...Сордо гӀодой биччана,
ГӀалам рокъой буссана,
Тамадаяс ахираб
Лълъарги борхун, абуна.

*Тамада*
Наби, мунги лъадиги
ГӀумру бугел ратаги.
ИчӀго васги гьавеги,
ИчӀго ясги гьаеги!



*МуртазагӀали*
ТӀохда хераб мугӀрул цӀум –
Херав МуртазагӀали.
Гьасухъе чапарзаби
Чуяз хъамулел руго.

Гьасул цӀодорал берал
ЦӀа гӀадин рекӀун руго.
ГӀолохъаби буюрухъ
БачӀинегӀан чӀун руго.

Гьале кьвагьараб туманкӀ
Къурабазда багъана:
Тушман вачӀунев вугин
ЧӀедерал сухъмахъалъан.

АхӀуд рахъана боял,
БачӀана магӀаурллъи.
«МалгӀуназда кьабе!» – ян
Къурабиги ахӀадана.

Ругъналъа би гурони,
Бадиса магӀу инчӀел,
МугӀрул васал сихӀкъотӀун,
КъотӀаризе журана.

Тушбабазул гурулъе
Гурун гъуждулгин унев,
Гъури гьезда балев чи –
Чаран МуртазагӀали.

Багьадурил хутӀараб
Хвалчен буго хьвагӀулеб.
Чорхолъе досул къуват,
КъартӀги буго бачӀунеб.

МугӀрул васазул хъатикь
Яргъил зврахи рагӀула,
Зодил гъугъай кинигин,
Гъурулеб махх кинигин.

Гулла гІужда речІчІана,
Хвалчен битІун кьабуна,
Хочоца борлъаниги,
ТІуркІи лъачІо рекІеда.

Кинаб кьаби букІунеб
Кьал бащадаб гьечІелъул,
Кьурабиги гулбуца
Лъукъун руго пакъирго.

Гьезулги ругъналъан би
Бугин ккола чвахулеб,
Гьезул унтиялъ буго
Унтулеб дир Дагъистан.

Гьале гьезул сиязда
Свакай буго рещтІунеб,
Сордо хъамун рогьалил
ХъахІлъи буго рехулеб.

ГІадамазул угьдиги,
Ахирисеб хІухьелги,
ХІи-хІиди чуязулги –
Чвахула хвалил гІорлъун.

Буртина гІодоб тІамун,
ТІад лъурав рагъухъан щив?
Гьесул хъахІаб магжида
Бица лъураб лъалкІ кинаб?

БетІер тІухьи кинигин,
Ракьалде далун буго,
Гьеб борхизе херасул
Хиял гІадада буго.

...Амма гьаб щиб, щобалъан,
Щулалъидул гохІалъан,
Щвараб гІор кинигинан,
МегІер тІураб гІадинан.

ТІупан балеб гІадинан,
Бадиб цІагун цІияб гуч,
ЦІияб гуч
ХІалай буго бачІунеб.

Борхе бетІер холеца,
Хал гьабе беркъанщулез,
Къей лъаларев дандияс
Ярагъ тана, мугъ бана.

ГІолохъабаз херасул
БетІер тІаде борхана,
БечІан унеб гьурмада
Гьими гвангъун бачІана.

*Рагъухъан*
МуртазагІали, дагьалъ
Рагье къанщулел берал,
Къуват ссунеб чорхолъе
Сабру биччай чапизе!

Балагье, дуде къулун
Къварид йиго Написат,
Багьадурил бахІарай,
АхІуд яхъун ячІарай.
Бихьиназе хІалае
ХІилла ургъун ягъарай.

*МуртазагІали*
Гьанже, хириял лъимал,
Дун хваниги бегьула.

БацІикьа цІани гІадин,
ЦІадукьа хъумур гІадин,
Гьаб мугІрузул улка тун,
Тушман лъутулев вуго.

...Къанщана херас берал,
Хирияб мугІрул тІалъи,
ТІогьолъ даим букІаян,
Эркен даим букІаян!

*Написат*
Исхъалидул чухъида
Ханжар, рачел борчана,
ТІагърикь гъалал рахчана,
Чу квачІиде бахъана.

Руччаби данде ахIун,
ИяхI къуна гъезие,
Къалде гъорлъе жураян,
Жанги рухIги къейилан.

...Огъ магIарул руччаби,
Биччай нужер цIаруе,
ЦIа гIадинал ракIазе
КIодолъи даимлъизе.

Дица, нужер наслудул
Васас, бетIер къулула,
КъоцIул икрам гъабула,
Рокьиялда чороклъи,
Намусалда сороклъи,
Чилъиялда чороклъи
Хъвазе течIел нужее.

Бихьиназул тIагърида,
ТIун рехараб гъалалда,
ТIагъиялда устарас
БикIун тараб цIаралда,
Тушманасул квер, я хIур
Хъвазе течIел нужее?

...Огъ, бергьенлъи, бигьалъи
БачIана гьелъ рекIее.
Сардида моцI кинигин,
БецIлъуда нур кинигин,
КунчIана гьеб мугIрузда.

Лъутун унев тушманас
Тана бихьулеб дунял,
Бихьинаб мугIрул улка,
Угьун биччай цо хIухьел!

Рагъ къотIана
Бидуца
Белъараб доб гIурдаллъи
ГIодой биччан сасана,
Ссанда хIанчIи рорчIана.

***

Росда цебе чарамул
Чу гIадин бахъун чIараб,
БитIахъе зодиб араб
Залимаб къуру буго.

Абула гьеб хабада
ЧIвараб зани бугилан,
Херав МуртазагIали
Гьенив вукъун вугилан.

Риидал гьеб боркьула,
Кьиндал гIунун букIуна,
Амма гIаздаца гьелда
Мусру кинго баларо.
Ихдал цIадаз чурула,
Чини гIадин цIвакула.

Чиясул чилъиялъе
Чармил бараб си гIадин,
МагIарухъ гьеб бихьула,
Хьухьаз гьеб бахчуларо.
Гьелда цIумал рещтIуна,
Гьелдаса роржун уна.
Зодихъ гьезул куркьбуца
КечI ахIулеб рагIула.

Гьеб сариналъ херасул
Макьу гьуин гьабула,
МугIрул ракь хIалхьиялда
БукIин гьесда бицуна.



# БицанкIаби

Юсуп МухIамадов

***

Бакъукь гIадамасда гьабизе хIал кIолареб жо щиб?

***

Шишаялъубе тIуни, гьеб цIолеб, дудаго жанибе тIуни, мун чIовоголъулеб.

***

Дарабазухъ кьезе барахщараб гIарацги кьун босулеб загьру.

***

КIалтIу гьечIеб цIарагIалъуб, кверал гьечIого лъолеб нигIмат.

***

КигIан ургъаниги жеги хинлъизабизе кIвечIеб жо .

***

Дунял хинлъун гурого, жибго хинлъун кунареб нигIмат.

***

ЦIукIаясда гурого бахIарчиясда бахъизе кIолареб хъала.

***

ГIабдаласухъе гурого гIакъиласухъе щолареб жо.

***

Хасало барщулеб, ихдал кваналеб жо.

***

Лебаласе тезе къо бачIунареб, кIохIаласе гьабизе къо бачIунареб.

***

ТIадкквезегIан – бахIарчи, ккун хадуса – хIелхIелчи.

***

КIиго рукIине бегьуларел жал.

***

Риидал ретIунеб, хасало бахъулеб «хъабарча».

***

Чараб букIине бегьулареб жо.

***

Нилъер букIине чидае бокьулареб, чидар букIине нилъее бокьулареб.

***

БарщанагIан тIагIам холеб нигIмат.

# Пикрабазул зараби?

***

ЛъикIаб гIамал гьабизе регIел ккечIониги, квешаб гIамал тезе регIел кигIан бокьаниги буго.

***

ЦIикIкIун йокьарайгIан ясалдаса нечейги цIикIкIараб букIуна.

***

Лъалареб жо цIехезе чIухIи – жиндирго жагьиллъиялдаса чIухIи.

***

ХIалтIуде квер гуреб цебе ккезе кколеб, бетIерин.

***

Кьурдилаго, расандилаго хвалда данде унел ругел нилъ, кьуркьудилаго гьелда дандчIвазе руго.

***

Аллагьас нилъее ургъеллъун дунял гьабун гьечIо, ахират гурого.

***

ГIабдал ккола галудалъун гурони цевехун унарев, чи.

***

Нилъеца гIарцуда къадаралъул тарих лъола. ГIарцуца нилъеда къадруялъул тарих лъола.

***

Гьанже мискинлъи кванaзе-ретIине жо гьечIолъиялъулъ гуро бугеб, цогиязул бугеб жо гьечIолъиялъулъ буго.

***

Меседил букIунеб гIадин жиндирго бакI, рагIулги букIуна.

***

ГIакъиласде данде ккун гIабдаласул тIокIлъи буго цо – вацIцIадав вукIин.

***

ГIакълу ккола пикруялъул пихъ.

***

Бечелъи гIакълуялъулъ буго, гIакълу бечелъиялъулъ гьечIо.

Паишат Малачиева

# Лъие щиб бокьулеб?

## Гвангва

Гвангваялдаги лъала
Гени гьодор гьабизе,
Гьелъул гъира букIуна
РакI регьун, гьеб хIаризе.

ГъотIокье щун хIанчIизе,
Цо горо гьелъ толаро
Хьул лъедал, кIал гьамизе,
Гьениса жо щоларо.



## Гъедо

Гъадил цIодорлъи гIола
ЩIулакьо гъур-гъуризе,
Гьелъие бигьалъула
Борхалъуде бахине:

Гьаваялдеги босун,
ГанчIида гьеб речIчIула,
ГIабулги чIинкъизабун,
Гьелъул тIанчIаз кванала.



# ГIалхулболъон



Хъабаналги раккула
МиккицIулакьо квине –
КолотIе хасалихъе
Рехъен гъабун рачIине.

Картошкадул хур бухъун,
Рекьуда лал тIамизе,
ГIуруги гажаз хъвалхьун,
МичIчIил кьалбал рахъизе.

# Ци



Найил тIулбухъе баккун,
Кеплъун бихьуларищ ци.
Гьеб хъамизе, хIалакун,
Хъетулев вуго даци.

Наялги тIаде руссун,
ТIамун лъун батана ци,
Гьелъул тамахлъи бихьун
Белъулеб буго ици.

# Цакъу



ГIанкIуязул би цIцIуйзе
ЦIогъод хьвадула цакьу,
Чармил хьури букъизе
Къуват бергьараб цакьу.

Кквезеги гьеб чIоларо,
Гьве кинигин бухьине,
Бихьизе букIунаро,
ТIилил гIадлу гьабизе.

# Дир кIарчамаб попугай

Дир кIарчамаб попугай,
Гаргадулеб щай гIемер?
ГIенеккарай дир свакай
ГIадахъ щай босулареб?

РихьахIараб попугай
Рохьобе кин унареб,
ГIалхул наял кьижахъе,
Кьурулъе ххарулареб?
Гьезул гьоцIоги бахъун
Рокъобе буссунареб?
Дир унтарай кIодое
Даруниги букIине,

Иццухъе щай унареб
ГьитIинаб гIеретI баччун,
Къечарай дир яцалъе
Лъадал цIунгIаги щвезе.

Мун – гогьаб гаргадиро,
Ма, гьале хъухъадиро.
Цо гъветIниги рехизе
Рахиниги баччизе.

Рокъоб жаниб боржанхъун
Хъулухъищ дур тIубалеб?
Гордухъ рещтIун, нахъе ун,
ТIадаб налъийщ кьолеб?

Бокьарабахъ ккола мун, -
Диргицин ургъел ккечIеб
ГурхIел лъачIеб кинаб мун,
Кумек лъиего гьечIеб.

ГIанкIугIаги аниха –
ХоногIаги букIине,
ГIака хьихьарабани –
Рахь гьекъезе батизе!

БукIаниги, гьайбатаб,
ГьадигIан дий бокьулеб?
КIваричIин, дир берцинаб,
РакIгъезениги бугеб!

– Дун гьитIинаб хIинчI ккола
Какдаруге гIадада,
Дун загIипаб тIинчI ккола,
ГIайиб чIваге чIалгIаде.



# Эбелалъ дир кинидахъ кучIдул ахIичIелани

## *Расул ХIамзатов гъавуралдаса 100 сон тIубаялде*




*ХIадурана: учительзаби Шамай Хъазанбиевалъ ва Шамсигат Майндуровалъ*





# Эбел

Дир йигей лъикIай эбел,
Лъимадул тIалаб бугей,
Насаб иш дихъа ккани,
Кутакалда ракI холей.

Дий лъикIаб къимат щвани,
Къоялъ рази йикIуна.
КIийил босун вачIани –
МичIчI хIадурун батула.

Хинаб ретIел гьечIого
КъватIиве виччаларо,
Мун унтунилан абун,
ЯчIун, куртка ретIуна.

– Телевизор жибго те,
ТIахьал цIалулев вукIа,
Хъвай-цIали берцин гьабе –
Гьеле дуда тIадаб иш.

Радалго тIаде вахъун,
Бокьов вортизе ккола,
Бачие херги лъимги
Кьезе дун ине ккола.



ГIалиев Динислан,
*8 классалъул цIалдохъан,*
*ТIасияб Хъарани росу*

Диде ягъизе ккани,
Бабал бетIер унтула.
Гьелъул хIалхьи цIунизе
Дун вуцIцIун чIезе ккола.

Дир гIадай лъикIай эбел
Лъилниги ятиларо,
Лъимал, эбел цIунизе
ТIадаб буго нилъеда!



ХIажиева ХIалимат,
*ТIасияб Хъараниса*
*9-абилеб классалъул*
*цIалдохъан.*

# Расул ХIамзатовасде

Инсул ирс босарав, пасихIав поэт,
Паналъула дир ракI дур асараца,
ЩIурмил гьаракь дида рагIулеб гьечIо,
Гьале рагъулъ йиго дун фашисталгун.

ГIабдулманаповги дур къисаялда
ГIисинаб гIелалъе мисаллъун вуго,
Вера Васильевна – цIалдохъабазе
МугIалимлъун йиго гIурус мацIалъул.

Халкъалъе хирияв, хвел гьечIев шагIир
Шагьаралъул бакьулъ, сиялда вуго,
ГIаданлъи-яхIалъул нур свананиги,
Свинаро кидаго дур кочIол чирахъ.

# НИЖЕР ГЬАЛБАЛ

Унсоколо районалъул кIиабилеб школалъул мугIалималги, ичIабилебги, анцIила цоабилебги классазул цIалдохъабиги тахшагьаралда гьоболлъухъ рукIана «Пушкинилаб карта»-ялда рекъон музеяздегун театразде гьоболлъи балел. Гьайгьай, Хъвадарухъабазул союзалдеги гьел рачIана Расул ХIамзатовасул букIараб хIалтIул кабинеталда гIуцIараб гьесул музей бихьизеги, Лачен журналалъул редакциялъулгун лъай-хъвай гьабизеги. Гьениб букIана хинаб, ракIал разияб дандчIвай. Бицана 50-ялдасаги цIикIкIарал соназ дунялалдаго машгьураб нилъер шагIир Расул ХIамзатовас асарал хъвараб, гьес Дагъистаналъул хъвадарухъабазе нухмалъи гьабураб къагIидаялъул, гьесул рукIунел рукIарал махсарабазул, гьесул малъахъваязул, гьенир тIоритIулел рукIарал данделдъабазул хIакъалъулъ. Гьединаб, ракIалда чIолеблъун хутIана гьеб къоялъ букIараб нижер дандчIвайги. РакIалдещвеялъе рахъана сураталги. КъотIи ккана хадур ккуги дагьабги цIикIкIараб заман гьединаб дандчIваялъе батизеги гьоркьоблъи-гьудуллъи щула гьабизеги, нилъер магIарул хъвадурухъабазул гIумруялъулги гьез нахъе тараб «хазинаялъулги» гъорлъе раккун, дагьабги гъваридго лъазабизе.








Дагъистаналъул Хъвадарухъабазул союзалде рачIун рукIана Москваялдаса лъималазул шагIирзаби. Гьелда цере гьел щвана лъималазул библиотекаялдеги. Гьез данделъаразе бицана, жидер сапаралъул мурадлъун кколила Дагъистаналдаса кочIое гьунар бугел ва цогидал авторaз хъвараб асаразе къимат кьезе лъалел лъимал Россиялдаго машгьураб **книгуру (kniguru.info)** гIуцIиялда гьорлъ гIахьал гьари. Гьез кьезе бугила чIахIиял шагIирзабаз хъварал кучIдузе къимат. Гьеб сайгъаталда гьел гара-чIваризе ругила гьел авторалгун.





Лъималаз кочIое лъурал къиматалги данде росун, хIасил гьабизе бугила лъие кинаб бакI щварабали. Бергьарав авторасе гIарцулаб шапакъат щвезе бугила.

16 сонил ригьалде рахинегIани бокьараб лъимералъул ихтияр бугила гьел кучIдулги цIалун, жидерго пикру загьир гьабизе. Гьеб сайгъаталдеги раккун, нуж – магIарул миллаталъул лъимал – Лачеталъул гьудулзаби гьеб къецалда гIахьаллъизе бегьула. kniguru.info – сайталда.






Соколёнок

ISSN№0203 – 3682

# Лачен

6/2021

ноябрь – декабрь

Иллюстрированный детский журнал.
Издается один раз в два месяца.

**Учредитель:**
Министерство информации и печати
Республики Дагестан.

**Регистрационный номер**
серия ПИ №ТУ05-00413 от 22.04.2019 г.
выдан управлением Роскомнадзора
по Республике Дагестан.

Издается с января 1980 г.

**Руководитель – главный редактор**
М.М. Ахмедов

**Редколлегия:**
М. АХМЕДОВ
М. МАГОМЕДОВ
К. МАГОМЕДОВ
А. МАЛАЧИЕВА **(редактор выпуска)**
М. АБДУЛХАЛИМОВ
Г. ХАБИБОВ

**Художественный редактор** З.Даганов
**Технический редактор** Т. Лузина
**Художник номера** М. Муталлибов
На обложке коллаж из работ художников
М. Муталлибова и А. Джабраиловой

Формат 60х84 $^{1}/_{8}$.
Бумага офсетная.
Уч. изд. л. 3,18 .
Уч. печ. лист 3,26.

Выход в свет 15.12.2021 г.
Тираж 631 экз.
Заказ № 1147.

**Типография:**
ООО «Издательство «Лотос».
**Адрес типографии:**
367018, РД, г. Махачкала, ул. Петра I, 61.

**Редакция и издатель:**
Государственное бюджетное учреждение
Республики Дагестан «Редакция
республиканских литературных журналов
«Соколёнок» и «Литературный Дагестан»
**Адрес редакции и издателя:**
367000, РД, г.Махачкала, ул. Даниялова, 55.

**Электронный адрес редакции:**
litdag@mail.ru

Аварский язык

Индекс: на год – 63277,
на полугодие – ПМ999.

Цена свободная.